

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Masalah

Sastra bisa dianggap minangka gejala sosial. Ku kituna, sastra anu ditulis dina kurun waktu nu tangtu bakal raket patalina jeung norma-norma sarta adat-istiadat nu tumuwuh dina éta jaman (Koswara, 2009: 10). Ku ayana nu disebut sastra, tangtuna ogé pasti aya hasilna nya éta nu disebut “karya sastra”. Saluyu jeung éta katerangan, Sapardi Djoko Damono (dina Koswara, 2009: 10) nyebutkeun yén karya sastra téh diciptakeun ku sastrawan pikeun dirarasakeun, dipikapaham, jeung dimangpaatkeun ku masarakat. Luyu jeung pamadegan Sapardi Djoko Damono, apresiator karya sastra kudu bisa ngararasakeun, maham, sarta ngamangpaatkeun éta karya sastra. Nu maca bisa maham karya sastra ku cara kritik sastra atawa méré pangajén kana éta karya sastra, Wellek (dina Pradopo, 2010: 92) nétélakeun yén:

*Kritik sastra merupakan studi sastra yang langsung berhadapan dengan karya sastra, secara langsung membicarakan karya sastra dengan penekanan pada penilaiannya.*

Ku kituna, sangkan bisa maham kana hiji karya sastra, nu maca kudu ngajén sacara langsung kana éta karya. Aspék-aspek poko kritik sastra nya éta analisis, interpretasi (*penafsiran*), jeung évaluasi (Pradopo, 2010: 93). Lamun sastra gelar tanpa ayana kritik, teu béda jeung daun anu ngémploh héjo jadi di ranca (Ajip Rosidi dina catetan kuliah kritik sastra).

Karya sastra mangrupa ébréhan (éksprési) jiwa nu gelar dina wangun basa. Wangun basa nu dipaké éstu ragam basa nu éndah, miboga ajén éstétis, tur bisa ngahudang rasa nu maca dina néangan ajén bebeneran. Karya sastra Sunda dibagi kana dua période nya éta karya sastra Sunda heubeul jeung karya sastra Sunda anyar. Dina unggal période aya tilu wangun karya sastra nya éta prosa, puisi, jeung drama. Nu ngabédakeun antara période heubeul jeung anyar téh nya éta tina jenis karyana. Contona wangun prosa sastra heubeul mah aya dongéng, jeung

wawacan; sedengkeun wangun prosa dina sastra Sunda anyar mah carpon, jeung novél.

Kaayeunakeun mah karya sastra Sunda nu réa gumelar nya éta sajak, carpon, jeung novél. Karya sastra saperti dongéng, mantra, carita pantun mah jarang atawa bisa disebut teu gelar deui nu anyar.

Karya sastra wangun novél nya éta carita rékaan anu méré kesan lir enya-nya kajadian tur ukuranana panjang. Kajadian anu dicaritakeuna ogé loba sarta aya sababaraha kajadian anu nyambung atawa pakuat-pakait lantaran boh latar tempat boh latar waktu leuwih jembar. Asupna novél kana sastra Sunda téh mangrupa pangaruh sastra barat, utamana Walanda. Novél munggaran dina sastra Sunda nya éta *Baruang ka nu Ngarora* karangan Daéng Kanduruan Ardiwinata (D.K. Ardiwinata) (Kosasih, 2010: 44).

Salian ti D.K. Ardiwinata, réa para pangarang anu medalkeun novél, novél nu dikarang macem-macem, aya nu kainspirasian ku kaayaan sosial, kaayaan kulawarga, jeung sajabana. Para pangarang bébas nyipta-nyipta palaku jeung masalah saluyu jeung imajinasi séwang-séwangan sabab novél mangrupa carita rékaan. Tapi sanajan novél téh kaasup carita rékaan, aya sawatara novél nu teu saujuratna cipta imajinasi pangarangna, aya sawatara novél nu nyoko kana bukti-bukti sajarah boh masalah boh palakuna, contona novél-novél karya Yoseph Iskandar nu nyoko kana naskah-naskah sajarah Sunda Saperti séri novél *Perang Bubat*. Éta novél téh disebut novél sajarah. Yoseph Iskandar ngarang dalapan novél sajarah nu mangrupa runtuyan tina sajarah karajaan Sunda nya éta novél *Perang Bubat (1988)*, *Wastu Kancana (1989)*, *Prabu Wangisutah (1991)*, *Tanjeur na Juritan*, *Jaya di Buana (1991)*, *Pamanahrassa (1991)*, *Putri Subanglarang (1991)*, *Prabu Anom Jayadewata (1996)*, jeung *Tri Tangtu di Bumi (1996)*. Novél *Tanjeur na Juritan*, *Jaya di Buana* dilélér Hadiah Sastra Rancagé (1992), sedengkeun novél-novél séjén nu ditulis dina taun éta asup kana nominasi. Novél *Tri Tangtu di Bumi (1996)* meunang Hadiah Sastra Rancagé 1997 (Iskandar, 2011:89).

Novél téh mangrupa karya sastra anu ngandung ajén-ajén. Ku kituna, novél bisa dijadikeun bahan ajar, saluyu jeung SK-KD pangajaran basa Sunda. Dina

SKKD kelas XI aya pangajaran maca novél. Novél *Tri Tangtu di Bumi* karya Yoséph Iskandar bisa dijadikeun bahan ajar. Sabab éta novél eusina saluyu jeung émosional siswa SMA sarta euyeub ku ajén-ajén kahirupan. Novél *Tri Tangtu di Bumi* mangrupa novél sajarah sarta dilélér Hadiah Sastra Rancagé taun 1997, jeung éta novél téh mangrupa novél pamungkas tina dalapan séri novél sajarah Sunda karya Yoseph Iskandar.

Sangkan novél *Tri Tangtu di Bumi* bisa dijadikeun bahan pangajaran, kudu diayakeun heula panalungtikan kana éta karya atawa kudu dianalisis heula. Aya sawatara cara pikeun ngajén hiji karya sastra, tapi dina ieu panalungtikan novél *Tri Tangtu di Bumi* ditalaah ku cara analisis struktural. Tepi ka kiwari can aya hiji pamadegan anu écés ngeunaan komponén anu kudu dipaké “bedog pangadék” pikeun nganalisis karya sastra sacana struktural (Koswara, 2009: 25). Nurgiyantoro (dina Oktaviani, 2007: 19) nyebutkeun yén:

*“Analisis struktur karya sastra yang dalam hal ini fiksi, dapat dilakukan dengan mengidentifikasi, mengkaji, dan mendeskripsikan, misalnya bagaimana keadaan peristiwa-peristiwa, plot, tokoh dan penokohan, latar, sudut pandang, dan lain-lain.”*

Jadi, nurutkeun pamadegan di luhur, pikeun nganalisis struktur karya sastra téh bisa dilakukeun ku cara ngaidéntifikasi, mutolaah, sarta ngagambarkeun sababaraha unsur pangwangun nu aya dina éta karya. Sumardjo & Saini K. M. (dina Oktaviani, 2007: 19) nétélakeun yén unsur-unsur pangwangun dina carita téh nya éta (1) galur atawa *plot*, (2) tokoh carita, (3) téma carita, (4) suasana, (5) latar atawa séting, (6) *point of view*, jeung (7) gaya pangarangna. Ieu struktur téh dirojong ku unsur-unsur karya sastra. Unggal unsur téh silih rojong antara nu hiji jeung nu lianna. Nurutkeun Stanton (dina Koswara, 2009: 25) ieu unsur-unsur téh ngawengku (1) téma jeung masalah, (2) fakta carita, jeung (3) sarana carita.

Dumasar éta hal, ieu panalungtikan dijudulan “*Analisis Struktural Novél Tri Tangtu di Bumi Karya Yoséph Iskandar pikeun Bahan Pangajaran Maca kelas XI*”.

## 1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

### 1.2.1 Watesan Masalah

Unsur-unsur sastra aya dua rupa, nya éta unsur *intrinsik* jeung unsur *ekstrinsik*. Nu saluyu jeung ulikan struktural mah nya éta unsur *intrinsik*. Sakumaha nu disebutkeun dina kasang tukang, tepi ka kiwari can aya pamadegan nu écés ngeunaan komponén-komponén nu bisa dijadikeun “pésó pangraut” dina nganalisis struktur hiji karya sastra. Sangkan ieu panalungtikan leuwih museur sarta écés, komponén-komponén nu dipaké “pésó pangraut” dina ieu panalungtikan nya éta saluyu jeung tiori Stanton, nu ngawengku (1) téma jeung masalah, (2) fakta carita, jeung (3) sarana carita nu aya dina novél *Tri Tangtu di Bumi*. Sarta ngajadikeun ieu hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca di kelas XI.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Dina unggal panalungtikan tangtuna aya masalah-masalah nu diguar. Dina ieu panalungtikan, dumasar kana watesanan masalah, aya sawatara rumusan masalah nu disusun dina wangun patalékan.

1. Kumaha téma jeung masalah novél *Tri Tangtu di Bumi*?
2. Kumaha fakta carita nu aya dina novél *Tri Tangtu di Bumi*?
3. Kumaha sarana carita nu aya dina novél *Tri Tangtu di Bumi*?
4. Kumaha ngalarapkeun ieu hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca di kelas XI?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

Dina unggal panalungtikan tangtu miboga udagan. Ieu panalungtikan miboga udagan, di antarana:

1. Ngajéntrékeun téma jeung masalah novél *Tri Tangtu di Bumi*.
2. Ngajéntrékeun fakta carita nu aya dina novél *Tri Tangtu di Bumi*.
3. Ngajéntrékeun saran carita nu aya dina novél *Tri Tangtu di Bumi*.
4. Ngalarapkeun ieu hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca di kelas XI.



#### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

a. Mangpaat tioritis:

Pikeun nambahan tiori apresiasi karya sastra, hususna dina ulikan analisis struktural.

b. Mangpaat praktis:

1. Pikeun ngajén karya sastra anyar hususna novél;
2. Pikeun nambahan pangaweruh ngeunaan kasusastraan Sunda, hususna ngeunaan novél *Tri Tangtu di Bumi*; sarta
3. Pikeun nambahan bahan ajar kasusastraan Sunda.

#### 1.5 Sistematika Panulisan

Sistematika panulisan dina ieu skripsi, di antarana:

1. BAB I: Bubuka ngabahas ngeunaan kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung sistematika panulisan.
2. BAB II: Novél, unsur-unsur carita, analisis struktur, bahan pangajaran maca.
3. BAB III: Metodologi panalungtikan medar ngeunaan métode panalungtikan, téknik panalungtikan, instrumén panalungtikan, desain panalungtikan, sumber data, jeung wangenan oprasional.
4. BAB IV: Analisis data jeung pembahasan hasil panalungtikan.
5. BAB V: Kacindekan jeung saran.